

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi tina hasil panalungtikan kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma*. Anapon dadaranana bisa katitén dina pedaran di handap.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Kajian Struktur Sajak dina Kumpulan Puisi Sunda Modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé RéTTY Isnéndés pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Puisi di SMA Kelas XI, bisa dicindekkeun yén tina 20 sajak anu dianalisis strukturna, katitén lapis sora nu mindeng aya dina unggal sajak nyaéta purwakanti mindoan kawit jeung maduswara, sarta asonansi a jeung eu, ogé aliterasi ng.

Tina lapis harti, katitén yén basa nu dipakéna mangrupa basa anu teu ilahar dipaké dina kahirupan sapopoé atawa basa nurutkeun kamus sarta pilihan kecapna diperhatikeun pisan. Tina lapis objék, katitén yén objék-objék nu ditepikeun henteu sarua alatan disaluyukeun jeung téma sarta suasana panyajakna. Tina lapis dunya, katitén yén aya nu sarua jeung aya nu béda sarta aya nu geus nyampak jeung nyamuni gumantung kana nyurahanana. Tina lapis métafisik, katitén yén aya anu ngandung sipat sublime, tragis jeung nimbulkeun pamikiran pamacana.

Kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan ajar aprésiasi puisi di SMA, ku lantaran geus nyumponan sababaraha kritéria milih bahan ajar, diantarana: 1) rélevan jeung standar kompetensi katut kompetensi dasar anu baris dihontal; 2) bisa dibeunangkeun kalawan gampang sabab kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* bahan anu jelas sumberna, sarta aya bukuna; 3) praktis, sabada maca ieu sajak siswa bisa ngararasakeun hasil karya sastra, meunang pangalaman jeung hiburan tina maca

karya sastra, sarta bisa nyusun karya sastra ku cara nyaritakeun deui ieu sajak maké basa sorangan; 4) aya mangpaat pikeun siswa, ieu sajak miboga unsur struktur anu jelas saperti lapis sora, lapis harti, lapis dunya, lapis objék, jeung lapis métafisik nepi ka tiori sastra gampang dipaham ku siswa.

5.2 Implikasi

Sajak salasahiji wanda karya sastra modéren anu dipikaresep ku balaréa, utamana nu mikaresep karya sastra jeung anu aub dina dunya sastra. Rumpaka dina sajak mangrupa kekecapan éndah anu euyeub ku ma'na sarta ngandung unsur kapuitisan nu dibarengan ku wirahma. Pikeun ngaguar éta ma'na bisa dititénan tina kekecapan nu dipaké atawa eusi sajak ku cara neuleuman éta eusi sajakna. Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngeuyeuban kajian sastra Sunda utamana dina sajak sarta maluruh struktur sajak Roman Ingarden dina kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé Rétyy Isnéndés.

Udagan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta hayang ngaguar sarta ngadéskripsikeun struktur sajak Roman Ingarden nu ngawengku lapis sora, lapis harti, lapis objék, lapis dunya, jeung lapis métafisik. Salian ti éta, dipiharep bisa jadi tarékah dina ngeuyeuban kajian sastra Sunda dina wanda sajak sangkan aya babandingan dina nalungtik sajak. Leuwih jauhna mah sangkan méré pilihan pikeun panalungtik séjén dina hal nalungtik sajak atawa pikeun masarakat dina hal ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan sastra. Anapon pikeun dunya atikan, sajak téh mangrupa matéri nu kudu diajarkeun lantaran kaunggel dina silabus jeung rencana pelaksanaan pembelajaran. Ku kituna, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan ajar aprésiasi puisi dina pangajaran sajak di sakola.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan “Kajian Struktur Sajak dina Kumpulan Puisi Sunda Modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé Rétyy Isnéndés pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Puisi di SMA Kelas XI, aya rékoméndasi pikeun:

Taufik Al Rasyid, 2016

KAJIAN STRUKTUR SAJAK DINA KUMPULAN PUISI SUNDA MODÉREN NU NYUSUK DINA SUKMA KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI PUISI DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Sastra Sunda sacara umum.

Ieu panalungtikan téh bisa ngeuyeuban boh pikeun téoritis boh pikeun aplikatif.

2) Sastrawan jeung masarakat pamaca.

Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun motivasi jeung inspirasi pikeun ngamumulé sastra Sunda sangkan leuwih reueus kana karya sastra hususna sajak.

3) Dunya atikan.

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun landasan pikeun ngajarkeun sajak di sakola, sanajan tos ditalungtik ngeunaan matérina tapi tacan kungsi diujicobakeun.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipiharep aya tarékah ti sakumna masarakat Sunda pikeun ngamumulé sastra Sunda sangkan bisa tuluy dipikawanoh ti generasi ka generasi satuluyna.